



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 3/30/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FON GLOBAL NY AP FÈ TOUNE POU ANKOURAJE ASISTANS FINANSMAN POU EKSPÒTASYON

Sibvansyon jiska \$50,000 e prè jiska \$500,000 disponib pou ede finanse biznis yo kap antre nan mache mondyal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman toune Fon Global NY– yon seri sesyon enfòmasyon kap fèt nan chak dis rejyon devlopman ekonomik Eta pou enfòmè ti biznis ak mwayèn biznis yo ansnanm avèk òganizasyon non-pwofi yo sou nouvo resous ki disponib pou sipòte efò ekspòtasyon entènasyonal. Nan aktivite jodia nan Capital Region, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te rejwenn ofisyèl eta yo ki te detaye nouvo Fon Global NY \$35 milyon epi reponn a kesyon patisipan yo.

“Pwogram sa a te rann li pi fasil pou biznis yo nan eta jwenn nouvo opòtinite pou grandi nan mache yo nan mond lan – sa kap ede yo pwospere epi kreye travay isit la lakay ,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Mwen fyè paske administrasyon nou an ap ede sektè prive New York fè konpetisyon odela de fwontyè yo, e map rete tann pou m wè plis biznis nan eta reyisi onivo entènasyonal.”

"Global NY Fund ap ouvè pòt pou konpayi yo nan Capital Region ak toupatou nan Eta kidonk yo ka gen aksè pi fasil nan mache mondyal la," **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul.** "Mwen ankouraje fòtman nenpòt konpayi ki enterese nan komès entènasyonal pou eksplore kijan sèvis yonsèl arè gratis eta ka ede w devlope."

Opòtinite Prè

ESD ap travay an patenarya avèk pretè yo pou elaji finansman pou konpayi yo nan Eta New York kap chèche pou kreye oswa elaji ekspòtasyon dirèk, oswa pou sèvi kòm founisè pou gwo ekspòtatè yo. Atravè pwogram nan, prè jiska \$500,000 disponib pou konpayi yo achte ekipman ak envantè ki nesèsè pou bay kontra ki gen rapò avèk ekspòtasyon epi bay kapital pou sipòte kont debite etranje yo. Pwogram nan ap benefisye biznis yo ki pa ka gen aksè a mache kredi tradisyonèl la, e lap ogmante plizyè dizèn milyon nan finansman ekspòtasyon pou konpayi yo nan Eta New York. Anplis, prè san enterè jiska \$50,000 ap disponib pou biznis yo nan endistri Bwason Fèmante ak Distiye pou ankouraje endistri bwason Eta New York la kap pwospere nan nivo mondyal.

Opòtinite Prè

ESD ap bay sibvansyon tou jiska \$25,000 pou ede konpayi yo kòmanse ekspòtasyon oswa ogmante ekspòtasyon mondyal yo. Pa egzanp, yo ka itilize sibvansyon yo pou

mache pèsonalize, patisipasyon nan ekspozisyon komès/misyon, atelye travay ekspòtasyon, ak adaptasyon pwodwi pou reponn a egzijans règlemantasyon etranje. Sibvansyon jiska \$50,000 disponib pou òganizasyon non-pwofi yo kap bay asistans ekspòtasyon ak edikasyon komès pou konpayi Eta New York yo.

Toune Fon Global NY te rive jodia nan Capital Region, e lap fè arè nan tout dis rejyon delvopman ekonomik eta:

- **Capital Region (Albany):** 30 Mas, 8:30 a.m. – 10 a.m., Albany Marriott Hotel, 189 Wolf Road Albany, NY 12205.
- **North Country (Watertown):** 4 Avril, 11:30 a.m. – 1 p.m., Ramada Watertown, 21000 NYS Rt. 3, Watertown, NY 13601.
- **North Country (Plattsburgh):** 5 Avril, 8:30 a.m. – 10 a.m., Holiday Inn, 412 NYS Rt. 3 Plattsburgh, NY 12901.
- **Southern Tier (Binghamton):** 13 Avril, 8:30 a.m. – 10 a.m., Innovative Technologies Complex – Sal Senpozyòm, Binghamton University, 85 Murray Hill Road Vestal, NY 13850.
- **Finger Lakes (Rochester):** 14 Avril, 11:30 a.m. – 1 p.m., Burgundy Basin Inn, 1361 Marsh Road, Pittsford NY 14534.
- **Mid-Hudson (Rye Brook):** 19 Avril, 8:30 a.m. – 10 a.m., Konsèy Biznis Westchester, 800 Westchester Ave, Rye Brook, NY 10573,
- **Mid-Hudson (New Windsor):** 19 Avril, 2 p.m. – 4 p.m., Sal Konferans William Larkin, 33 Airport Center Drive, New Windsor, NY 12553
- **Western New York (Buffalo):** 26 Avril, 8:30 a.m. – 10 a.m., Buffalo Niagara Partnership (Sal Konferans), 257 W Genesee Street #600, Buffalo, NY 14202.
- **Central New York (Syracuse):** 27 Avril, 11:30 a.m. – 1 p.m., Etablisman Tech Garden, 235 Harrison St., Syracuse, NY 13202.
- **Long Island (Bethpage):** 2 Me, 8:30 a.m. – 10 a.m., Morrelly Homeland Security Center, 510 Grumman Road West, Bethpage, NY.
- **Vil New York:** 11 Me, 8:30 a.m. – 10 a.m., The Barclays Center Atrium, 620 Atlantic Avenue, Brooklyn, NY 11217.
- **Mohawk Valley (Utica)** – te ògnaize nan dat 29 Mas nan Kolèj Kominotè Mohawk Valley.

Global NY ofri yon acha inik san-arè pou biznis lokal yo ki vle ekspòte mondyalman ansanm avèk biznis etranje yo kap chèche pou investi nan New York. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite global.ny.gov oswa rele (212) 803-2300. Aplikasyon pou toulède prè ak sibvansyon ap disponib sou sitwèb ESD.

Enfòmasyon sou Empire State Development:

Devlopman Empire State (ESD) se chèf ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo dyòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan prete, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm bourad lajan, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon dyòb, epitou pou sipòte kominote pwospè yo nan Eta New York. ESD se prensipal ajans administratif tou k ap sipèvizè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo yo epi k ap fè

marketing mak touris anblèm “I Love NY” Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal ak Devlopman Empire State, vizite www.regionalcouncils.ny.gov and www.esd.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418